

Poutèt lafwa nou

Pa Èldè Jeffrey R. Holland

Nan Kolèj Douz Apot yo

Mwen remèsye tout manm Legliz yo paske yo pwouve chak jou nan lavi yo ke amou pi Kris la “pa janm peri.”

Prezidan Monson, tout manm nan Legliz sa a nan tout mond lan ini nan gwo kantik sa a avèk bél koral sa a, epi nou di: “Nou di w mèsi, O Bondye, pou pwofèt la.” Mèsi pou lavi ou, pou egzanp ou, ak pou bél mesaj byenveni sa a nan yon lòt konferans jeneral Legliz la. Nou renmen ou, nou admire ou, e nou soutni ou. Anfèt, nan sesyon aprèmidi a nou pral gen yon opòtinite pi ofisyèl pou leve men nou nan yon vòt soutyen, non sèlman pou Prezidan Monson, men pou tout lòt ofisyèl jeneral yo nan Legliz la tou. Paske non m ap enkli nan lis sa a, kite m pwofite opòtinite pou m pale pou yo tout nan remèsye nou alavans pou men sa yo nou pral leve pou soutni yo a. Okenn nan nou pa t ap kapab sèvi san priyè nou yo ak sipò nou. Lwayote nou vle di plis pou nou pase sa nou ka janm eksprime.

Nan espri sa a, mesaj mwen jodi a se pou di ke nou soutni *ou*, ke nou gen pou *ou* menm priyè sensè sa yo ak menm ekspresyon lanmou sa a *ou* lonje ba nou an. Nou tout konnen genyen kle, alyans, ak responsabilite espesyal ke yo bay ofisyè prezidan yo nan Legliz la, men nou konnen tou ke Legliz la tire yon fòs enkonparab, yon vitalite san parèy, nan lafwa ak devouman *chak* manm Legliz sa a, kèlkeswa moun ou ye a. Nan kèlkeswa peyi w ap viv, ke ou santi w jèn oswa enkonpetan, oubyen keseswa ou konsidere tèt ou aje oswa limite, mwen temwaye ou, Bondye renmen ou pèsonèlman, ou se santral nan siyifikasyon travay li a, epi ofisyè k ap prezide sou Legliz yo renmen ou e yo priye pou ou. Valè pèsonèl, grandè sakre nou chak, se rezon menm ki fè gen yon plan sali ak egzaltasyon. Kontréman ak sa moun di jodia, sa se osijè ou menm menm. Non, pa vire gade vwazen w lan. M ap pale avèk ou menm!

M te lite pou m jwenn yon fason awopriye pou m di nou kijan Bondye renmen nou ak konbyen nou menm ki sou chè sa a, nou rekonesan pou nou. M ap eseye fè m pòtpawòl zanj yo nan syèl la pou m di nou mèsi pou tout bon bagay nou fè yo, pou chak mo janti nou di, pou chak sakrifis nou fè nan pataje ak yon moun---tout moun---bote ak benediksyon levanjil Jezikri a.

Mwen rekonesan pou dirijant Jènfi ki ale nan kan avèk jènfi yo epi ki san chanpou, ni benyen ni makiyaj, fè reyinyon temwayaj bò kan nan lafimen tounen kèk nan eksperyans espirityèl ki pi puisan jènfi sa yo---oswa dirijan sa yo---pral genyen pou tout lavi yo. Mwen rekonesan pou tout fi nan legliz la ki, nan lavi m, te osi solid ke Mòn Sinayi a ak osi konpatisan ke Mòn Beyatitud yo. Nou souri pafwa lè n tandé istwa sè yo---nou konnen---jelo vèt, dra, pla pòmdetè nan antèman. Men fanmi m te reswwa ak rekonesans chak bagay sa yo, yon tan oswa yon lòt---e yon fwa dra ak pòmdetè nan antèman menm jou a. Sete jis yon ti dra---tou piti, vrèman---pou te fè vwayaj retou tifrè m ki te mouri bebe a nan fwaye selès li a byen cho ak konfòtab jan sè nou yo nan Sosyete Sekou yo te vle l ye. Manje yo te pote pou fanmi nou an apre antèman an, yo te bay volontèman san nou pa t mande, nou te resevwa l avèk rekonesans. Souris, si w vle, osijè tradisyon nou yo men pou yon rezon kèlkonk, fi yo nan Legliz la, ki souvan pa resevwa ase konpliman pou sa y ap fè, toujou la lè men pandye ak lè jenou febli.¹ Yo sanble yo natirèlaman konprann divinite deklarasyon Kris la: “Chak fwa nou te fè sa pou youn nan pi piti pami frè m yo se pou mwen nou te fè li.”²

E sa vrè pou frè yo nan prètriz la tou. M ap panse, pa egzanp, ak dirijan jènjan nou yo ki, sa depan de klima a ak kontinan an, oubyen al fè mach 80 kilomèt sou teren difisil oswa fouye---epi eseye menm dòmi nan---gwòt glase pandan nuit ki siman pi long nan egzistans lòm. Mwen rekonesan lè m sonje pwòp gwoup gran prêt pa mwen sa gen kèk ane, ki pa relèv pandan dè semèn te dòmi sou yon kanape nan chanm yon manm kowòm nan ki ta pral mouri, pou madanm ni ki te granmoun epi ki te frajil tou, te ka fè yon ti dòmi nan dènye semèn lavi mari li. Mwen rekonesan pou tout kantite enstriktè, ofisyè, konseye, ak grefye yo nan

Legliz la, san m pa mansyone moun ki tout tan ap ranje tab ak pliye chèz yo. Mwen rekonesan pou mizisyen yo, pou moun k ap fè istwa familyal yo, ak pou koup granmoun ki soufri osteopowoz ki avèk difikilte vwayaje ale nan tanp a 5:00 chak maten avèk ti valiz yo ki prèske pi gwo pase yo. Mwen rekonesan pou paran ki san pale, ak jenewozite---petèt pou tout yon lavi---ap pran swen yon timoun andikape, pafwa avèk plis pase yon andikap, e pafwa plis pase yon timoun. Mwen rekonesan pou pitit ki kole zepòl apre nan lavi yo pou pran swen paran yo k fin granmoun ak malad.

E pou sè aje prèske pafè a ki resaman te prèske avèk règrè chichote: "Mwen pa janm te yon dirijan nan anyen nan Legliz la. M te sèlman yon moun k ap ede," m ap di "Chè sè, mèsi pou ou menm ak pou tout 'moun k ap ede yo' nan wayòm nan." Kèk nan nou ki se dirijan espere ke yon jou nan syèl la na rive gen devan Bondye nivo ke ou menm ou déjà atenn nan.

Twò souvan mwen pa eksprime gratitud mwen pou lafwa ak bonte moun konsa yo nan lavi mwen. Prezidan James E. Faust te kanpe sou chè sa a sa gen trèzan epi l te di: "Lè m te yon tigason ... m sonje grann mwen..... te konn kuit bon manje pou nou sou yon fou anbwa byen cho. Lè rezèv bwa a bò fou a te vid, grann mwen te konn ansilans soti al replen li nan pil bwa a ki te deyò a, e l te pote bwat bwa lou a tounen anndan kay la. Mwen te sitèlman ensansib [ke] m te chita la e kite grann byeneme m nan al ranpli bwat sa a." Lèsa a, avèk vwa li plen emosyon, li te di: "Mwen santi m wont tèt mwen e m regrett bagay sa a pandan tout lavi mwen. Mwen espere ke yon jou ma va mande l padon."³

Si yon moun osi pafè ke m te santi Prezidan Faust te ye a, te kapab rekonèt erè jenès li, mwen menm tou mwen kapab fè yon konfesyon konsa e rann yon omaj ke m te dwe rann depi lontan.

Lè m te aple pou sèvi yon misyon lontan anvan tan te egziste, pa t gen afè pou fè kòb misyon an rive pou yon moun. Chak misyonè te oglije peye tout kòb misyon kote yo t ap voye l la. Gen kèk misyon ki te chè anpil, e an reyalite, pa m nan sete youn ladan yo.

Jan nou ankouraje misyonè yo pou yo fè a, m te ekonomize lajan e m te vann kèk byen pèsonèl pou m te peye pa m nan osibyen m te kapab. M te panse ke m te gen ase lajan, men m pa t konnen kijan sa ta pral ye nan dènye mwa misyon m yo. Avèk kesyon sa a nan lespri mwen, m te sepandan kite fanmi m pou m t al fè pi gwo eksperyans yon moun ka janm espere fè a. M te renmen misyon m nan jan m sèten ke pa okenn lòt jènjan ki te janm renmen youn konsa anvan oubyen depi lè sa a.

Apresa m te retounen lakay jis nan moman paran m te aple pou al sèvi misyon pa yo. Kisa pou m fè kounyeya? Kijan m pral fè peye pou al nan kolèj? Kijan m ka rive peye pou manje ak chamm? E kijan m ta ka reyalize gwo rèv m gen nan kè m nan, pou marye avèk mayifik Patricia Terry pafè sa a? M pap wont admèt ke m te dekouraje ak pè.

Avèk ezitasyon, m te ale nan bank lokal la epi m te mande manadjè a, yon zanmi fanmi an, konbyen kòb ki te sou kont mwen. Li te gade m avèk etonman epi l te di: "Poukisa, Jeff, *tout* lajan ou toujou la nan kont ou. Èske m pa t di ou? Paran w te vle fè tout ti sa yo te kapab pou ede w derape lè w retounen lakay. Yo pa t retire yon santim nan kont ou a pandan misyon ou. M panse w te konn sa."

Bon, m pa t konnen. Sa m konnen sèke papa m, yon "kontab" ki te fòme tèt li, jan yo te rele yo nan vilaj nou an, avèk ti kras lajan, te pwobabman pa t janm mete yon kostim nèf ni yon chemiz nèf ni yon pè soulye nèf pandan dezan pou pitit gason l lan te kapab jwenn tout bagay sa yo pou misyon li. Anplis desa, sa m pa t konnen men ke m te vin konnen sete ke manman m, ki pa t janm travay deyò fwaye a lè l te fin marye, t al travay nan yon magazen nan zòn nan pou yo te ka peye depans misyon m yo. E m pa t janm te konn anyen sou sa pandan misyon mwen. Yo pa t di m yon mo sou sa. Konbyen papa nan Legliz sa a ki fè egzakteman menm sa papa m te fè a? Konbyen manman, nan tan ekonomik difisil sa yo, ki ap fè menm sa manman m te fè a?

Papa m mouri depi 34 an, konsa, menmjan ak Prezidan Faust, m ap oblige tann pou m totalman remèsy li sou lòtbò vwal la. Men manman cheri m lan, ki pral gen 95 an semèn pwochèn, ap gade retransmision sa a jodia lakay li nan St. George, konsa li pa twò ta pou m remèsy li. Ou menm manman m, ak papa m, ak tout manman ak papa ak fanmi ak moun fidèl toupatou, mwen remèsy nou pou sakrifis n ap fè pou pitit nou yo (ak pou pitit lòt moun tou!), poutèt nou sitèlman vle ba yo avantaj nou pa t janm genyen, paske nou vle ba yo lavi ki pi bèl nou kapab ba yo.

Mèsi pou nou tout manm mèveye Legliz la---ak pakèt bon moun ki pa menm reliyon avèk nou yo---dèske nou pwouve chak jou nan lavi nou ke amou pi Kris la “pa janm peri”⁴ Okenn nan nou pa ensiyifyan, anpati paske nou fè levanjil Jezikri a sa li ye a---yon rapèl vivan sou gras li ak mizèrikòd li, yon manifestasyon prive men puisan nan ti vilaj ak gwo vil, sou byen l te fè ak lavi li te bay pandan l t ap eseye pote lapè ak sali bay lòt yo. Nou onore odela ekspresyon dèske nou ini avèk ou nan yon kòz sakre.

Jan Jezi te di Nefit yo, se konsa m ap di jodi a:

“Poutèt lafwa nou gade, m chaje ak lajwa.

“Epi lè l te fin di pawòl sa yo, li te kriye avèk dlo nan je”⁵.

Frè m ak sè m yo, paske mwen wè egzanp nou, mwen renouvre detèminasyon mwen pou m vin pi bon, pou m vin pi fidèl---pi janti ak pi devwe, pi charitab ak pi sensè jan Papa nou ki nan Syèl la ye a ak jan si anpil nan pamí nou déjà ye a. Mwen priye pou san an non Gwo Egzanp nou an nan tout bagay la---ki se nan non Jezikri, amèn.

Nòt

1. Gade Ebre 12:12; D&A 81:5.
2. Matye 25:40.
3. James E. Faust, “The Weightier Matters of the Law: Judgment, Mercy, and Faith,” Ensign, Nov. 1997, 53.
4. 1 Kor. 13:8; gade tou Mowoni 7:46--47.
5. 3 Nefi 17:20–21.